


The coronavirus matter wey don dey cause wahala everywhere first enter Naija on 27 February and e start for Lagos state. The tin cause many many fake news wey make NCDC and Federal Ministry of Health dem begin try calm pipo down, try make the sickness no spread. All of us need join hand make sure say we knock this virus correct apako so make we dey talk only news wey we don confam say na true; and make we dey do the ones wey go make the virus fear to near our domot.

The Coronavirus CivActs Campaign (CCC) dey gather different rumour and tori wey Naija pipo dey talk for different states make we help ordinary pipo understand wetin dey happen; so that beta information go dey flow well well for government, media, NGO and even the citizens dem. we talk the real gbege of wetin dey happen, all dem fake news go stop to dey spread before they cause more wahala for our country pipo. You know say no be all of us get the same language and no be everybody sabi this English well well so we need this CCC make everybody understand wetin dey happen so that we go finally throway this bad sickness comot for our country. One company wey dem dey call Statista talk say na only like half of Naija wey dey see internet use, so make we try help the other half wey no get.

Wetin pipo don dey ask on top COVID-19

Since we government don announce say make everybody dey their house, pipo don dey ask many many question why dem no fit comot house. Plenty Naija pipo never still know wetin cause this kain announcement. If una read dis bulletin to hin end, una go see the reason why e dey important make you no comot house. E dey important make you know say even world scientists dem still dey work extra make dem try understand how this virus dey take operate sef, so e still get some tins wey they never sabi.

Wetin be
COVID-19



Wetin COVID-19 mean na “Coronavirus Disease 2019” because dis virus follow for coronavirus family, and the place wey dem first see am na Wuhan, China in December 2019.
You fit get this virus if you dey too close to pesin wey already get am. Signs wey person wey don catch coronavirus dey show na fever, cough and they no go too dey breathe well.

Wetin be
Symptomatic
abi na
Asymptomatic



Some pipo wey look like sey nothing dey do dem for body still fit get COVID-19 dey spread am, na hin make the government talk say make everybody dey hin house.
Pesin wey dey symptomatic go dey show symptoms say COVID-19 don enter hin body, while pesin wey dey asymptomatic no go show anything; hin go dey look like say hin no get am, but hin still fit spread am.

Why e dey
important
make we
dey wear
mask for
outside like
for market, etc



Wearing masks go make the virus no too spread from one pesin to anoda pesin. COVID-19 dey waka for inside the cough water wey dey drop when pesin wey get am cough, sneeze, talk, or even dey breathe. Pesin wey wear mask no go quickly spread the virus if hin get am, but pesin wey no wear mask go fit quickly give another pesin if hin get the virus.

What of pipo wey don recover for COVID-19, drug they bin take



COVID-19 still never get confam cure. Scientists dem still dey try work make dem get vaccine for the virus. E get one company for China wey dem dey call Sinovac Biotech wey don make vaccine wey dey work for monkey body, na to test whether e dey work for human being wey remain now. FDA for America don dey warn pipo make they no dey use chloroquine or hydroxychloroquine try treat COVID-19.

Why is the NCDC not releasing the identities of patients



E no make sense make doctors dey expose the pipo wey don get this virus, they fit no live their normal life again once they recover, pipo go begin look them one kain, fit no follow them talk for phone again or other tins. You sef if hospital begin dey announce any sickness wey you bin get before, you go like am? E still get some patients wey dey decide tell their own story by theirselves, make other pipo know how e dey be.

YEYE TORI



VS



CORRECT TORI

If you shave bear bear you fit no catch the virus again.

Just because say you get bear bear no mean say na you catch virus pass. The important tin be say make you dey keep yourself clean dey protect yourself.

Na only pipo wey don old and big man dem dey catch COVID-19

COVID-19 fit do anybody whether they be pikin or them don old, or whether their bank account full or e empty. Pipo wey don already get one sickness wey them dey fight before like asthma, diabetes and heart problem fit suffer from this virus more much.

person wey dey take antibiotics no go catch the virus

Na only bacteria wey Antibiotics dey remove for body. Antibiotic no fit kill COVID-19, that one na virus wey hin be.


If you use hand dryer e fit kill coronavirus

Hand dryer no dey kill COVID-19 abeg. The best tin wey all man fit dey do now na to dey wash hand with soap and water, or dey use sanitizer for hand protect theirselves.

Flattening the curve

The “curve” wey researchers dey talk about na say them dey try gauge the number of pipo wey fit get COVID-19 after some time. Dem gauge this tin on top how pandemic wey don happen before take spread, no be say they don know the pipo wey go get the virus. Them never know.

A sample epidemic curve



(Image credit: Johannes Kalliauer/ CC BY-SA 4.0)

The curve shape dey change as the number of pipo wey get the virus dey change. The curve fit go up when the number of pipo wey get am dey double on the steady and reach hin top patapata after few weeks. Infection curve wey go up fit come down the same way hin take go up; after everybody wey fit catch the virus don get am, the case numbers go begin dey drop.

As the infection dey rise, hospitals and clinics wey dey for local places dey quickly full with plenty patients wey dem even no get space to treat. As we dey see for Italy, patients no even fit get ICU beds, and supplies wey dem need fight the virus don dey finish for hospitals.

Curve wey flat mean say the number of pipo wey get the virus dey take longer time to get. When the virus no dey quickly spread, health care system go stand gidigba, dem go fit dey treat pipo wey sick.

How we go take flat this curve?

The only way wey we fit make the curve flat na make everybody do wetin they suppose do. The Nigeria Center for Disease Control (NCDC) don yarn sey make Naija pipo dey wash their hands well well, make dem no comot house when dem fall sick or be like say dem sick, and no dey stay too close to pipo when dem go out.

If we manage flat this curve e go work so?

Hin bin work for year 1918 when Spanish flu cause pandemic wey shake the whole world. A health researcher wey dem call Drew Harris bin show how two cities for America – Philadelphia and St. Louis – bin respond to this outbreak and he compare which one take work pass.

Harris talk say the city officials wey dey for Philadelphia no hear word when infectious disease experts yarn dem say the flu don dey spread for their community. Instead, dem go do parade wey plenty pipo go. In 2 days, thousands of pipo start to peme for Philadelphia, about 16, 000 pipo peme in six months.

For the other side, city officials for St. Louis quickly make sure say pipo no too near themselves when dem go out. Government close school, no let pipo travel, and they tell pipo make dem dey clean themselves and their domot well well. Because of all dis tins wey dem do, na only 2, 000 pipo peme for St. Louis, which na small tin when you compare am with pipo wey peme for Philadelphia.

For the two cities na St. Louis come flat the curve.

CORONAVIRUS UPDATE IN NIGERIA AT AS TODAY - 27/04/2020

1273

CONFIRMED CASES

40

DEATHS

239

RECOVERED

Coronavirus CivActs Campaign is brought to you by
Accountability Lab Nigeria.

